

REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID

Tit 6Gx50

Chapit 8. Kourikoulòm ak Ansèyman

Seksyon 8.131

Regleman 8.131 **Pwogram Gadri**

1. **Objektif.** Komite Depatman Edikasyon an rekonèt lekòl yo kapab yon resous kominotè nan ofri sipò valab ak nesèsè pou plizyè fanmi, nan ofri bon jan pwogram gadri pou elèv nan yon anviwònman pwoteje an sekirite andeyò lè nòmal lekòl. Lwa sa a se pou pwogram gadri apre lekòl yo, ki kapab enkli gadri avan lekòl ak pwogram d ete, ak pou fonksyonman pwogram yo kòm kòm pwogram pou rekiperasyon depans nan Distri Lekòl la,
2. **Aplikasyon.** Pwogram gadri apre lekòl yo dwe disponib pou tout elèv klas elemantè ki nan Distri a.
3. **Deklarasyon Lwa a.** Distri Lekòl Rejyon Palm Beach peye pou pwogram gadri apre lekòl, enkli kan d ete ak aktivite pou anrichi pwogrè elèv yo epi pwogram yo ap fonksyone kòm mwayen pou rekiperasyon depans. Pwogram pou rekiperasyon depans yo pa resevwa okenn asistans finansman nan eta a oswa distri a epi yo pa fè pati pwosesis edikatif la.
 - a. *Diskresyon direktè(tris)la.* Desizyon pou ofri yon pwogram gadri nan yon lekòl se direktè(tris) chak lekòl primè elemantè ki detèmine sa dapre direktiv sipèntandan zòn nan, an konsiltasyon avèk depatman gadri a. Sèvis sa yo disponib sèlman pou elèv ki nan klas primè elemantè.
 - b. *Kondisyon Preyalab pou Pwogram yo.* Tablisman yon pwogram gen rapò ak lokal ki disponib, estaf ki antrene, volontè ak ekipman nesèsè pou akomode yon fason rezonab bezwen elèv yo.
 - c. *Depans pou Pwogram nan.* Operasyon yon pwogram gadri, kan d ete oswa aktivite pou amelyorasyon akademik elèv pa dwe koute Distri Lekòl la anyen. Frè patisipan yo dwe finanse tout pwogram sa yo nèt, eksepte pwovizyon pou bilding nan, itilite yo ak lòt depans endirèk tankou sèvis telefòn.
 - d. *Transpò.* Direksyon Jeneral lekòl la pa bay transpò pou ale ni soti nan pwogram gadri regleman sa a jere. Nan ka pwomnad, tout elèv ki nan gadri ki patisipe nan pwogram pwomnad la dwe peye pou transpò.
 - e. *Elèv Andikape ak Bezwen Medikal.*
 - i. Pwogram gadri a ap ofri akomodasyon rezonab ak/oswa modifikasyon bay tout elèv andikape ki enskri, pou fè sèten yo resevwa bonjan aksè ak tretman egal nan pwogram ak sèvis gadri yo. Nenpòt elèv klas elemantè ki andikape ki resevwa sèvis nan yon lekòl piblik kapab vini nan pwogram gadri ki nan lekòl li a. Nenpòt restriksyon sou patisipasyon (tankou limit enskripsyon, lis d atant, elatriye) dwe aplike menm jan pou tout elèv kèlkeswa kondisyon fizik li.
 - ii. Elèv ki genyen yon kondisyon medikal espesifik ki anwole nan pwogram gadri a paran/responsab la dwe mete sa nan fòmilè enskripsyon an. N ap bay swen ak akomodasyon rezonab ki nan limit pwogram nan.
 - A. Pou elèv andikape oswa ki gen bezwen medikal yo dapre jan soutit students with disabilities or medical needs as provided for in subsection 3(e)(i) ak (ii) piwo a prezante l, akomodasyon yo, konsidere rezonab kote pwovizyon pou jan akomodasyon sa yo pa p bay rezilta nan yon chanjman

fondamantal pwogram nan oswa sèvis yo pwogram nan ofri, oswa kreye yon eksè finansye oswa yon fado administratif.

- iii. Ann akò avèk lwa federal ak eta a sou kesyon andikape, pwogram gadri yo pa anba obligasyon pou aksepte oswa akomode elèv ki gen patisipasyon yo detèmine dapre chak ka separeman, y ap;
 - A. Poze yon menas dirèk, ki vle di timoun nan poze yon risk pou kèk pwoblèm serye pou pwoteksyon ak sante lòt moun. Yon kondisyon medikal kapab konstitye yon menas dirèk, si sa poze yon menas sante ki siyifikatif pou lòt yo moun. Pwogram gadri yo kapab bezwen konnen si yon timoun genyen nenpòt maladi ki kapab pwopaje pamwayen ensidan dekontak nou atann ki kapab rive nan yon anviwònman gadri. Pwogram gadri yo kapab ekzije tou enfòmasyon sou kèk kondisyon espesifik, tankou enfeksyon tibèkilez aktiv, ki poze an prensip yon menas dirèk. Detèminasyon yon menas dirèk pa dwe baze sou jeneralizasyon oswa akize yon tip d andikape patikilye kòm sib; sa dwe baze dapre yon evalyasyon endividyèl, pran an konsiderasyon aktivite patikilye ak abilite ak aktyèl andikap chak moun.
 - B. Fondamantalman chanje nati pwogram gadri a akòz prezans yon timoun oswa swen ki nesesè.
 - C. Kreye yon eksè finansye oswa yon fado administratif nan pwogram gadri a.
- iv. Paran oswa responsab yon elèv andikape oswa ki genyen bezwen medikal espesyal ki fè konnen bezwen elèv la pa kapab akomode yon fason ki rezonab nan yon pwogram gadri kapab ale ann apèl kont desizyon an lè yo enfòm Sipèentandan an oswa moun li chwazi a nan yon entèval 48 è de lè desizyon an te pran. Sipèentandan an oswa moun ki deziye a pral pran yon desizyon epi y ap prezante bay paran oswa responsab la yon desizyon paekri nan entèval (5) jou apatide dat paran an te enfòm nou. Desizyon Sipèentandan an oswa deziye a ap final epi li pa sijè pou plis apèl administratif.

4. Frè yo.

- a. Sipèentandan an ap tabli lis frè pou pwogram gadri yo k ap pran an konsiderasyon fanmi ki gen plis pase yon timoun ki nan pwogram nan, apre n fi n resevwa enfòmasyon ak rekòmandasyon(yo) nanmen komite konsèy gadri a. Sepandan, Sipèentandan an pap kapab tabli yon frè estriktire ki depase yon ogmantasyon anyèl senk pousan (5%) san san apwobasyon komite jeneral la.
 - b. Sipèentandan an oswa moun ki deziye a ap pibliye chak ane yon lis frè pou pwogram gadri yo. Lis frè sa yo ap disponib pou tout direktè(tris) lekòl primè elemantè, paran yo epi poste yo sou sit Depatman Pwogramasyon Gadri a.
5. **Eksepsyon Frè Pasyèl yo.** Direktè(tris) lekòl la kapab fè eksepsyon pou yon elèv peye yon frè pasyèl pou patisipe nan pwogram gadri a. Sepandan, eksepsyon an dwe baze sou bezwen finansye fanmi elèv la epi bidjè gadri lekòl la dwe kapab konpanse pou pèt revni elèv ki jwenn konsiderasyon an. Direktè(tris) la ap konsilte avèk estaf Department of Afterschool Programming yo pou konnen si bidjè pou gadri a sifizan pou konsidere yon egzanpsyon frè.
6. **Pwosedi Administratif ak Fonksyònman.** Sipèentandan an oswa moun sa a ki deziye a delege otorite pou prezante pwosedi administratif ak fonksyònman pou pwogram gadri ki enkli, men pa limite ak:
- a. Orè ak lè fonksyònman pwogram gadri yo, pou pwogram ak sèvis yo kapab disponib pou elèv k ap patisipe yo avan jounen regilye lekòl, gadri, ak jou lekòl yo pa ouvè (jou fèt, vakans, jou planifikasyon pwofesè) depi genyen ase elèv k ap patisipe ak ase estaf ki gen kontra anyèl nan lokal la;

- b. Frè ak depans relatif ki asosye ak pwogram nan;
- c. Tèm ak kondisyon enskripsyon elèv la ak nòt pou paran ak fanmi;
- d. Pwosedi kontablite fiskal ak klasifikasyon pou pwogram yo;
- e. Prezantasyon pou acha ak pwosedi kontra ki konsistan ak regleman Komite Jeneral lekòl yo;
- f. Pwovizyon pou anplwaman pèsònèl, enkli kalifikasyon, salè, pèfòmans ak fòmasyon pou pwogram gadri yo;
- g. Pwogramasyon ak evalyasyon fiskal;
- h. Tablisman direktiv Department Afterschool Programming nan ak Department of Exceptional Student Education an, pou patisipasyon elèv ki genyen bezwen espesyal nan pwogram gadri a; ak
- i. Lòt pwosedi ki osi nesèsè pou fonksyònman pwogram gadri yo.

OTORITE LEGAL : Fla. Stat. §§ 1001.02, 1001.41, 1001.42

LWA ANVIGÈ : Fla. Stat. §§ 760.10; (Florida Civil Rights Act of 1992); 42 USC § 12101, et seq. (Americans with Disabilities Act of 1990, as amended); 29 USC § 504 of the Rehabilitation Act of 1973

REGLEMAN DEPATMAN EDIKASYON ETA A : 6A-6.0910

DOSYE ISTORIK : 07/5/97;12/08/2009